


# APRANN KIJAN RESTORAN OU KAPAB JWENN YON NÒT

Mande yon Enspeksyon Edikasyonèl epi Aprann Kijan pou Evite Vyolasyon Komen yo



Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) Vil New York vle ede restoran ou resevwa yon nòt “A”. Mande pou yon Enspektè Sante Piblik fè yon vizit edikasyonèl. Pandan vizit sa a, enspektè a ap ede ou idantifye ak rezoud pwoblèm ijyèn manje, pwoteje sante kliyan yo, epi evite vyolasyon komen yo.

Enspeksyon sa yo se enspeksyon ki edikasyonèl, epi ou P AP resevwa nòt ni amann pou yo. Nou pwograme enspeksyon yo avèk pwopriyete restoran an pandan lè biznis regilye restoran an.



**Pou itilize sèvis sa a, restoran ou dwe louvri deja pou biznis.**

## 1. Anvan premye enspeksyon ou ak nòt lèt ou\*

- Yon evalyasyon restoran ou san nòt
  - Yon lis vyolasyon ak fason pou rezoud yo
- Depatman Sante ofri sèvis sa a pou \$100 dola.

## 2. Apre premye enspeksyon ou ak nòt lèt ou\*

- Yon evalyasyon restoran ou san nòt
- Yon lis vyolasyon ak fason pou rezoud yo
- Yon evalyasyon ki adapte pou restoran ou e ki baze sou rezilta enspeksyon ki te fèt anvan an
- Yon rankont avèk travayè ki nan kuizin nan pou revize rekòmandasyon yo

Depatman Sante ofri sèvis sa a pou \$400 dola.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ak materyèl edikasyon gratis nan plizyè lang, kontakte Biwo Ijyèn Manje ak Sanitasyon Kominote (Bureau of Food Safety and Community Sanitation) nan nimewo 212-676-1600, ak nan adrès imèl [infobfscs@health.nyc.gov](mailto:infobfscs@health.nyc.gov), oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/health/foodservice](http://nyc.gov/health/foodservice).

Depatman Sante bay èd nan lang gratis pou ou.

\* Yon enspektè Depatman Sante ap vini nan restoran ou. Enspektè a P AP bay okenn nòt ni amann. Men, ou dwe repare kondisyon danjere yo anvan fen vizit la. Si ou pa repare yo, Depatman Sante ka rekòmande pou restoran an fèmen pou yon ti tan.